ISSN: 2181-3906 2024

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 3 / ISSUE 12 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# PROCESSUAL TEORIYA HÁM ADALATLÍLÍQ TEORIYA

**A.Japparbergenova**
Berdaq atındaǵı QMU. "Ámeliy psixologiya" tálim baǵdarınıń 2-kurs talabası.
**G.Óskinbaeva**
Berdaq atındaǵı QMU assistent oqıtıwshı.

https://doi.org/10.5281/zenodo.14452785

***Annotaciya.*** *Bul maqalada motivaciyanıń processual teoriyası hám adalatlılıq teoriyaları boyınsha maǵlıwmatlar berilgen. Maqalada V.Vroomnıń kútiwler teoriyası, Dj.S.Adamstıń teoriyası, J.Rawlstıń adalat teoriyası, utilitarizm, kommunikativ adalat, teńlik hám teń huquqlıq haqqında pikirler bayan qılınǵan.*

***Gilt sózler:*** *motivaciya, processual teoriya, adalatlılıq teoriyası, V.Vroomnıń kútiwler teoriyası, Dj.S.Adamstıń teoriyası, J.Rawlstıń adalat teoriyası, utilitarizm.*

## PROCESSUAL THEORY HAM LEARNING THEORY

***Abstract.*** *This article provides information on the procedural theory of motivation and theories of raw justice. The article expresses the views of V. Vroom's theory of boxes, D. S. Adam's theory, J. Rawls's theory of justice, utilitarianism, communicative justice, equality and human rights.*

***Key words:*** *motivation, procedural theory, fairness theory, W.Vroom's box theory, Dj.S.Adamstyn's theory, J.Rawlstyn's theory of justice, utilitarianism.*

## ПРОЦЕССУАЛЬНАЯ ТЕОРИЯ

***Аннотация.*** *В этой статье представлена информация о процессуальной теории мотивации и теориях грубого правосудия. В статье выражаются взгляды на теорию ящиков В. Врума, теорию Д. С. Адама, теорию справедливости Дж. Ролза, утилитаризм, коммуникативную справедливость, равенство и права человека.*

***Ключевые слова:*** *мотивация, процессуальная теория, теория справедливости, теория ящика У.Врума, теория Дж.С.Адамстина, теория справедливости Дж.Роулстина, утилитаризм.*

**Kirisiw.** Motivaciya, insan is-háreketleri hám iskerliklerin qáliplestiriwshi tıykarǵı kúsh bolıp tabıladı. Ol adamlardıń maqsetlerge erisiw, ózlerin rawajlantırıw, jumıs iskerligin asırıw, hámde turmıstaǵı túrli wazıypalardı orınlawdaǵı qálewlerin belgileydi.

Motivaciya teoriyası bolsa, bul processti túsiniwge qaratılǵan ilimiy jantasıwlar bolıp tabıladı. Motivaciya teoriyası psixologiya, menejment, bilimlendiriw hám basqa kóplep tarawlarda zárúr orın tutadı. Maqalamızda motivaciyanıń processual teoriyası hám adalatlılıq teoriyası haqqında pikirler júrgizemiz.

**Tıykarǵı bólim.** Motivaciya hám adalat sociallıq hám psixologiyalıq pánlerde oraylıq túsiniklerden esaplanadı. Bul túsinikler hár bir insannıń turmısındaǵı xızmetine, qararlar qabıl qılıwına, maqsetlerge erisiwine tásir kórsetedi.

Motivaciyanıń processual teoriyası hám adalatlılıq teoriyası bul processlerdi jánede tereńrek túsiniwge járdem beredi.

**Motivaciyanıń processual teoriyası.** Motivaciyanıń processual teoriyası adamlarda is-háreketler, maqsetler hám qararlar qanday ámelge asıwın analiz qıladı.

Bul teoriyada adamlardıń maqsetke erisiw ushın qanday qanday usıllardı tańlawı, qanday psixologiyalıq hám sırtqı faktorlar olarǵa tásir qılıwın túsiniwge háreket qılınadı. Processual teoriya adamlarda motivaciya qanday qáliplesiwin hám bul motivaciyanıń nátiyjelerge qanday alıp keliwin túsindiriwge umtıladı.

Motivaciyanıń processual teoriyasına tiyisli bir neshe zárúr modellerden biri V.Vroomnıń [1] kútiwler teoriyası bolıp tabıladı. Bul teoriyaǵa kóre, adamlardıń is-háreketleri, olardıń erisiwi múmkin bolǵan nátiyjelerine bolǵan kútiwlerine baylanıslı. Eger shaxs maqsetke erisiw jolında úlken sıylıq kútiliwin sezse, ol jaǵdayda ol usı maqsetke erisiw ushın kóbirek háreket qıladı. Bul process tómendegi elementlerdi óz ishine aladı:

1. Kútiw (Expectancy): Shaxs maqsetke erisiw ushın zárúr bolǵan háreketti ámelge asırıwı múmkinligine isense, bul motivaciyanı asırıadı.
2. Instrumentallıq (Instrumentaliy): Maqsetke erisiw arqalı alıngan sıylıq yakı nátiyjening qanshelli qımbatlı ekenligi.
3. Valensiya (Valence): Sıylıq yakı nátiyjeniń shaxs ushın qanshelli áhmiyetli ekenligi.

Bul elementler birgelikte shaxstıń maqsetke erisiw ushın qansha kúsh sarıplawın belgileydi.

Dj.S.Adamstıń [3] teńlik teoriyası (Equity Theory) hám processual motivaciyanıń zárúr bólimin payda etedi. Bul teoriyaǵa kóre, adamlar óz miyneti hám nátiyjeleri basqalar menen salıstırılıwın sezseler, olar ózleriniń miynetine qarata adalatlı sıylıq alıwdı qáleydiler.

Eger shaxs óziniń islegenine qarap adalatlı sıylıq almasa, bul motivaciyanı kemeytiredi.

Máselen, eki jumısshınıń bir qıylı jumıstı orınlawı hám birine kóbirek haqı beriliwi, basqa jumısshınıń narazılıǵına alıp keliwi múmkin.

**Motivaciyanıń adalatlılıq teoriyası.** Adalatlılıq teoriyası sociallıq hám etikalıq adalattı túsindiriwge qaratılǵan. Bul teoriyanıń tiykarǵı maqseti, jámiyette adamlar ortasındaǵı múnásebetler hám resurslar qanday adalatlı bólistiriliwi kerekligin anıqlaw bolıp tabıladı. Adalat, tek ǵana huquqlar hám erkinliklerdi saqlap qalıw menen sheklenbeydi, bálki adamlar ortasında teńlikti támiyinlew hám hár bir adamnıń huquqların qorǵawdı da ańlatadı.

Adalatlılıq teoriyasınıń bir neshe tiykarǵı jantasıwları bar:

1. J.Rawlstıń adalat teoriyası (John Rawls' Theory of Justice) – bul teoriya jámiyette adalattı jaratıw ushın ayrım tıykarǵı principlerdi usınıs etedi:

Erkinlik principi: Hár bir shaxs óziniń tiykarǵı huquq hám erkinliklerine iye bolıwı kerek.

Parıqlılıq principi: Sociallıq hám ekonomikalıq teńsizlikler tek ǵana eń jaman jaǵdayda bolǵanlar ushın paydalı bolsa adalatlı esaplanadı.

2. Utilitarizm – bul jantasıwǵa kóre, adalatlı jámiyet maksimal socialllıq payda keltiriwi kerek. Bıraq, utilitarizm bazan ayrım toparlardıń huquqların itibarsız qaldırıwǵa alıp keliwi múmkin.

3. Kommunikativ adalat – bul túsinik, shaxslar ortasındaǵı kelisiwler hám bitimler tiykararında adalattı támiyinlewdi ańlatadı. Eger kimdir qanday da bir yakı ónimdi usınıs etse, ol sonnan mas ráwishte tólew alıwı kerek.

4. Teńlik hám teń huquqlıq – sociallıq teńlikti hám teń huquqlardı támiyinlew adalatlı sistemanıń tiykarǵı elementi bolıp tabıladı.

Hár bir shaxstıń óz huquqları hám múmkinshiliklerine teń bolıwı jámiyette adalattı jaratadı.

Adalatlılıq teoriyasınıń nátiyjeli isleiwi ushın sociallıq sistemada resurslar hám múmkinshilikler teń bólistiriliwi, hár bir shaxstıń huqıqları hám erkinlikleri qorǵalıwı kerek.

Kerisinshe jaǵdayda, adalatsızlıq jámiyette sociallıq qattı qarama-qarsılıqlarǵa hám konflikt ortalıǵına alıp keliwi múmkin.

**Juwmaq.** Juwamaqlap aytqanda, motivaciyanıń processual teoriyası hám adalatlılıq teoriyası óz ara baylanıslı hám bir-birin toltırıwshı teoriyalar bolıp tabıladı. Processual teoriya adamlardıń qanday qılıp maqsetlerge erisiw ushın háreket qılıwların hám bul processte qanday faktorlar zárúr rol oynawın túsintirse, adalatlılıq teoriyası sociallıq sistemalarda adalattı támiyinlewdiń mexanizmlerin úyrenedi. Sociallıq sistemada motivaciya hám adalattıń uyǵın islewin támiyinlew, shaxslar hám jámiyettiń rawajlanıwına úlken úles qosadı.

**REFERENCES**


1. Oskinbaeva, G. (2023). PSYCHOLOGICAL CHARACTERISTICS OF SELF-DEVELOPMENT DURING THE STUDENT PERIOD. Modern Science and Research, 2(7), 359–362. Retrieved from https://inlibrary.uz/index.php/science-research/article/view/22238
2. Davletbaevna O. G. TALABALIK DAVRIDA O'ZINI O'ZI RIVOJLANTIRISHNING PSIXOLOGIK XUSUSIYATLARI. – 2023.
3. Venera, Mambetiyarova. "PSYCHOLOGICAL ANALYSIS OF THE RELATIONSHIP BETWEEN CHILDREN AND PARENTS IN ADOLESCENCE." European International Journal of Pedagogics 4.05 (2024): 16-19.
4. Venera, Mambetiyarova. "Socio-Psychological Features of Relationships of Children and Their Parents." (2023).
5. Go’zal D., Gulsevar J. OILADA O’SMIRLAR TARBIYASI //THEORY AND ANALYTICAL ASPECTS OF RECENT RESEARCH. – 2023. – Т. 2. – №. 19. – С. 41-44.
6. Dauletova G. M. MOSLASHISHNING IJTIMOIY-PSIXOLOGIK SIFATLARI //Педагогика и психология в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 14. – С. 37-40.
7. Go’zal D. O. ’SMIRLAR ORGANIZMIDA RO’Y BERADIGAN O’ZGARISHLAR //THE THEORY OF RECENT SCIENTIFIC RESEARCH IN THE FIELD OF PEDAGOGY. – 2023. – Т. 1. – №. 6. – С. 50-55.
8. Muratbayevna, Dauletova Gozal, and Madaminova Nargiza Qurbanbayevna. "BOLANING RIVOJLANISH DAVRI PSIXOLOGIYASI." Scientific Impulse 1.1 (2022): 33-35.
9. Dauletova, G. M. "Personality development in adolescence." Science and Education in Karakalpakstan 114 (2023).
10. Даулетова, Г. (2023). ЎСМИРЛИК ЁШИДА ШАХСНИНГ РИВОЖЛАНИШИ. Журнал «Вестник физической культуры и спорта» Нукусского филиала Узбекского государственного университета физической культуры и спорта, 1(1), 102–105. извлечено от https://science.uzdjtsunf.uz/index.php/science/article/view/194
11. Dauletova, G. M. "O’SMIRLIK YOSHDAGI PSIXOLOGIK O’ZGARISHLAR." ХАБАРШЫСЫ 3 (2022): 81.